





Paj enfòmasyon- Amelyorasyon nan chemen pyeton ki sou wout U.S. 41 (S.R. 45) kote I travèse Pon sou rivyè Caloosahatchee a Lòt wout – SMART Work Zone

SOTI NAN FIRST STREET RIVE NAN NORTH KEY DRIVE | LEE COUNTY, FLORIDA
FPID: 449015-1-52-01 | NIMEWO KONTRA A E1V60

MEN SA NOU DWE ATANN

Chofè ap kab pase nan yon lòt wout ki pase sou pon Edison nan pandan konstriksyon an. Y ap plase kèk pankad mobil nan kèk pwen kle ak kèk pankad ADMS k ap afiche valè tan sa ap pran chofè ki fè lide pase sou pon Caloosahatchee a pandan vwayaj yo. Chofè kab sèvi ak enfòmasyon sou pankad sa yo pou yo deside nan ki wout y ap pase. FDOT ap kowòdone ak Lee County epi ak Biwo ki jere kontwòl sikilasyon nan Vil Fort Myers "Fort Myers Traffic Operations" pou yo byen kowòdone limyè trafik yo pou gen mwens enkonvenyans nan sikilasyon an.



Paj 4



Paj enfòmasyon- Amelyorasyon nan chemen pyeton ki sou wout U.S. 41 (S.R. 45) kote I travèse Pon sou rivyè Caloosahatchee a

SOTI NAN FIRST STREET RIVE NAN NORTH KEY DRIVE | LEE COUNTY, FLORIDA
FPID: 449015-1-52-01 | NIMEWO KONTRA A E1V60

DESKRIPSYON PWOJÈ A

Depatman Transpò Eta Florid (FDOT), Distri 1, ap trase plan pou fè reparasyon nan wout U.S. 41 ki travèse pon sou rivyè Caloosahatchee a soti nan First Street rive nan North Key Drive. Y ap fè pwojè sa a pou bay pyeton plis pwoteksyon, gras a kèk chanjman nan pon ki déjà la a tankou mete yon twotwa uit pye an lajè sou bò lwès pon an, nan direkson sid. Yo pral enstale nouvo baraj an fè yo abitye enstale bò wout yo, y ap konekte

VALÈ KÒB PWOJÈ A PRAL KOUTE

25 milyon dola

Y AP KÒMANSE KONSTRIKSYON AN VÈ
Avril 2024

LÈ PWOJÈ SA A KA FINI

Prentan 2026

POU ENFÒMASYON, KONTAKTE

Katelyn Carmona
Espesyalis sensibilizasyon komunitè
239-744-9192
katelyn.carmona@dot.state.fl.us



Eskane kòd QR sa a ak telefòn pòtab ou pou w ka wè plis enfomasyon sou sit entènèt pwojè a.





Paj enfòmasyon- Amelyorasyon nan chemen pyeton ki sou wout U.S. 41 (S.R. 45) kote I travèse Pon sou rivyè Caloosahatchee a Plan desen konstriksyon amelyorasyon yo


SOTI NAN FIRST STREET RIVE NAN NORTH KEY DRIVE | LEE COUNTY, FLORIDA
FPID: 449015-1-52-01 | NIMEWO KONTRA A E1V60

AMELYORASYON PON AN


Men sa yo pral fè nan nouvo amelyorasyon pon an: yo pral bati yon twotwa sou bò lwès pon an, nan direksyon sid Wout U.S. 41 ki pase sou pon ki travèse rivyè Caloosahatchee a. Yo pral enstale nouvo baraj an fè yo abitye enstale bò wout yo, y ap konekte 2 pon yo ak yon sèl barikad nan mitan, epi y ap repentire liy atè sou wout la. Y ap enstale nouvo ancadrem an kwa nan espas nan mitan pon yo ant pout an fè ki anba platfòm pon an. Yo pral chanje poto limyè sou pon an pou ranplase yo ak sa ki gen 2 branch yo nan nouvo seksyon nan mitan pon an.



KONDISYON TIPIK AKTYÈL



REPRESENTACIÓN TÍPICA DE LA CONSTRUCCIÓN PLANIFICADA




Paj enfòmasyon- Amelyorasyon nan chemen pyeton ki sou wout U.S. 41 (S.R. 45) kote I travèse Pon sou rivyè Caloosahatchee a Faz konstriksyon yo planifye

FPID: 449015-1-52-01 | NIMEWO KONTRA A E1V60
SOTI NAN FIRST STREET RIVE NAN NORTH KEY DRIVE | LEE COUNTY, FLORIDA


FAZ 1 – Valè tan konstriksyon ap dire Avril 2025 – Desanm 2025

Yo pral diminye liy trafik yo vin fè yo fè you ni nan direksyon nò ni nan koreksyon sid pandan y ap konekte platfòm 2 pon yo nan mitan.



FAZ 1A – Valè tan konstriksyon ap dire Avril 2025 – Desanm 2025

Gen 2 liy trafik k ap ret ouvè nan direksyon sid epi nan direksyon nò se yon sèl liy k ap ret ouvè pou machin pase.



FAZ 2 – Valè tan konstriksyon an ap dire Avril 2025 – Desanm 2025

Gen yon sèl liy trafik k ap ret ouvè nan direksyon sid ak yon chantye pou bati kote pou pyeton pase sou pon an ak yon barikad sou kote l.

